

Kategori : **ELÈV**Dat Piblikasyon :
24 mas 2010Nimewo : **A-655**

Sijè : KOMITE LIDÈCHIP LEKÒL AK DISTRI

Paj : 1 nan 2

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-655 ki date 3 desanm 2007.

Chanjman:

- Komite Lidèchip Lekòl *School Leadership Team* (SLT) responsab pou devlope Plan Edikasyon entegral *Comprehensive Educational Plan* (CEP) lekòl la ki adapte avèk bidjè lekòl la. (Paj 1, Seksyon II.-A.1)
- SLT yo dwe itilize yon pwosesis pou pran desizyon ki baze sou konsansis kòm premye mwayen pou yo pran desizyon. (Paj 7, Seksyon VIII.)
- Direktè lekòl la responsab pou kreye bidjè lekòl la, apre li fin chita pale avèk SLT, epitou apre li asire bidjè a konfòm avèk CEP a. (Paj 1, Seksyon II.A.2)
- Pou asire CEP adapte avèk bidjè lekòl la, nenpòt manm SLT a ka mande (onon SLT a) Rapò Tablo Òganizasyon Galaxy a *Galaxy Table of Organization Report* jiska de fwa pa semès epi, pou reponn, direktè a ap bay rapò sa a sou senk jou lekòl. Anplis, nenpòt manm ka jwenn nan sit wèb Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) alokasyon lajan nan bidjè Galaxy ke yo afiche lè yo pibliye alokasyon yo pou nouvo ane fiskal la, ak Rapò sou rezime Tablo Òganizasyon Galaxy *Galaxy Table of Organization Summary Reports*, ke yo afiche nan kòmansman chak ane akademik. (Paj 1, Seksyon II.A.3.)
- Direktè lekòl la detèmine si bidjè lekòl la adapte avèk CEP a, epi li voye ba Sipèèntandan an yon rapò pou jistifye sa. (Paj 1, Seksyon II.A.5)
- Manm SLT yo, apa direktè a, kapab ekri pou bay yon repons onivo jistifikasyon an sou 10 jou lekòl si yo rive antann yo ke yo pa dakò avèk rapò direktè lekòl la bay pou jistifye ke bidjè lekòl la adapte avèk CEP a, epi ke bidjè direktè lekòl la pwopoze a pa respekte objektif ak règleman ki nan CEP a. Answit, sipèèntandan an dwe pran yon desizyon. (Paj 2, Seksyon II.A.6)
- Manm SLT yo, apa direktè a, ka voye yon lèt pwotestasyon ba sipèèntandan kominote a oswa sipèèntandan lekòl segondè a pou diskite nenpòt desizyon direktè a pran lè manm SLT yo (apa direktè a) rive dakò ke desizyon an pa respekte objektif ak règleman ki tabli nan CEP aktyèl lekòl la. Sipèèntandan an ap ekri SLT a ak direktè a sou 10 jou lekòl apati dat yo resevwa premye plent lan. Repons sa a ap gen ladan l enfòmasyon yo modifye a ak rezon ki fè sipèèntandan an pran desizyon konsènan dispit la. (Paj 2, Seksyon II.A.8.)
- Si SLT a pa ka rive jwenn yon antant sou CEP a, li dwe chèche èd Komite k ap ede oryante distri *District Leadership Team* (DLT) a, e si sa pa mache, lè sa a l ap chèche èd sipèèntandan kominote a oswa sipèèntandan lekòl segondè a. Sipèèntandan kominote a oswa sipèèntandan lekòl segondè a ap eseye ankouraje antant pami manm SLT a. Si yo pa rive antann yo apre èd sa a, lè sa a sipèèntandan an ap pran desizyon final sou CEP a. Sepandan, sipèèntandan an ap pran desizyon an sèlman jis nan dènye moman, si tout metòd pou facilite antant pami manm SLT yo site avan yo pa mache. (Paj 1, Seksyon II.A.4; Paj 7 tou, Seksyon VIII.)

Kategori : **ELÈV**Dat Piblikasyon :
24 mas 2010Nimewo : **A-655**

Sijè : KOMITE LIDÈCHIP LEKÒL AK DISTRI

Paj : 2 nan 2

- Komite pou angajman paran oswa sipètentandan yo bay SLT yo ak DLT yo sipò. (Paj 6, Seksyon VI; Paj 7 tou, Seksyon VIII.) Y ap afiche CEP final la ak bidjè lekòl la sou sit wèb ofisyèl DOE oswa sit wèb lekòl la, epi y ap bay chak manm SLT yon kopi si yo mande l nan lekòl la. (Paj 2, Seksyon II.A.9.)
- Reyinyon SLT, ki dwe fèt omwen yon fwa pa mwa pandan ane akademik la, dwe fèt nan lokal lekòl la oswa nan lokal DOE. (Paj 7, Seksyon VII.)
- Yo dwe bay avi sou reyinyon SLT yo yon fason pou respekte lwa sou reyinyon piblik yo. (Paj 7, Seksyon VII.)
- Yo dwe konsilte SLT a anvan yo nonmen yon kandida pou pòs direktè oswa direktè-adjwen pou lekòl la. (Paj 7, Seksyon X.A)
- SLT ap bay sipètentandan an yon evalyasyon anyèl sou dosye direktè lekòl la sou fason li devlope yon relasyon efikas pou pran desizyon avèk manm SLT yo. (Paj 2, Seksyon II.B-2.)
- Paran manm CEC (epi nan yon ane eleksyon, kandida pou CEC) kapab sèvi kòm paran manm yon SLT nan lekòl kote pitit yo ye. (Paj 3, Seksyon III.C.b (i).)
- SLT kapab fè amannman nan règleman entèn li yo, si l nesesè. (Paj 4, Seksyon IV.B.)
- Sipètentandan an ap chita pale avèk SLT a konsènan nenpòt plan ki fèt pou reorganize lekòl la. SLT a ap patisipe nan odyans piblik y ap fè ansanm lan konsènan pwopozisyon pou fèmen yon lekòl oswa pou fè chanjman empòtan nan fason yo itilize lekòl la. (Paj 8, Seksyon X.B.)
- DLT ap kreye Plan Edikasyon Entegral Distri a *District Comprehensive Educational Plan* (DCEP), ki gen ladan I objektif anyèl Distri a dapre sa Chanselye vize. (Paj 5, Seksyon V.A.)
- Plan santral pou planifikasyon onivo lekòl ak priz desizyon komen, gen ladan I plan endividiyèl 100.11 distri ke DLT yo adopte ak pwosedi ki tabli nan Règleman sa a. Biwo pou Amelyorasyon Lekòl responsab pou konsève kopi chak plan distri, epitou pou mete tout ansanm nan Plan santral la. (Paj 5, Seksyon V.A.)
- Yon sou-komite lekòl segondè onivo vil la ap fòme pou reyini chak mwa pou revize done empòtan yo ak pou idantifye pwoblèm ki gen enpak sou pèfòmans elèv ki nan lekòl segondè, epitou sou-komite a ap fè rapò chak nan pou voye ba DLT yo. (Paj 6, Seksyon V.C.).
- Chak SLT dwe bay DLT yon lis manm li yo ak yon kopi dènye règleman entèn yo chak ane anvan 31 oktòb. (Paj 8, Seksyon XII.)
- Chak DLT dwe bay Responsab-an-Chèf pou Angajman Fanmi yon lis tout non manm SLT nan lekòl ki nan distri a ak yon lis manm li yo ak règleman entèn li yo chak ane anvan 15 novanm. (Paj 8, Seksyon XII.)
- Paran yo kapab pote plent konsènan eleksyon paran yo pou sèvi nan SLT ki nan lekòl kote pitit yo ye nan 7 jou ki vini apre jou eleksyon an. (Paj 9, Seksyon XIV.A ak B.)
- Paran yo kapab fè demann apèl ba Chanselye a kont desizyon yo pran pou rezoud plent yo (nan Biwo Sèvis Legal) nan 10 jou apati dat yo resevwa desizyon sipètentandan an. (Paj 9, Seksyon XIV.C.)

REZIME

Règleman sa a asire fòmasyon Komite lidèchip lekòl yo *School Leadership Teams* (SLT) nan tout Komite lidèchip lekòl leta ak komite lidèchip distri *District Leadership Teams* (DLT) vil Nouyòk ki nan chak distri lekòl kominotè. Li genyen ladan tou plan santral pou planifikasyon ak desizyon komen onivo lekòl la.

I. ENTWODIKSYON

Dwe genyen yon SLT nan chak Lekòl leta vil Nouyòk. SLT yo jwe yon wòl enpòtan nan kreyasyon yon estrikti pou pran desizyon nan lekòl la ak pou fè chemen pou yon kilti lekòl nan tèt ansanm. SLT yo reprezante yon mwayen pou devlope règleman edikatif lekòl yo epitou pou asire resous yo annamoni pou aplike règleman sa yo. Lè SLT yo fonksyone nan tèt ansanm, yo ede nan evalyasyon ak kontwòl pwogram edikatif yon lekòl ak fason pwogram sa yo gen enpak sou siksè elèv yo.

II. DWA AK RESPONSABLITE KOMITE LIDÈCHIP LEKÒL YO

A. Plan Edikasyon Global ak Bidjè lekòl la

1. Dapre seksyon 2590-h Lwa sou Edikasyon Eta a, SLT responsab pou devlope yon Plan Edikasyon Global *Comprehensive Educational Plan* (CEP) anyèl lekòl la ki konfòm avèk bidjè lekòl la pou pwochen ane akademik lan. Bidjè lekòl la bay machaswiv fiskal SLT ap itilize pou devlope bi ak objektif yo pou satisfè bezwen elèv yo ak pwogram edikasyon lekòl la.
2. Yo dwe kreye CEP a anmenmtan avèk bidjè lekòl la pou li kapab enfòme pwosesis desizyonèl bidjè a ak rezulta ki annamoni avèk CEP a ak bidjè a. Direktè lekòl la, ki responsab pou devlope bidjè lekòl la, dwe konsilte avèk SLT a pandan pwosesis devlopman sa a pou bidjè a kapab annamoni avèk CEP a. Direktè lekòl la ap pran desizyon final la konsènan bidjè lekòl la.
3. Pou asire CEP a adapte ak bidjè lekòl la, nenpòt manm SLT a ka mande (onon SLT a) Rapò Tablo Òganizasyon Galaxy *Galaxy Table of Organization Report* ki gen tit *"Public/SLT View"* (kote yo ekri nimewo djòb ak enfòmasyon konfidansyèl) omwen de fwa pa semès epi, kòm repsons,direktè a ap bay rapò sa sou 5 jou lekòl. Anplis, nenpòt manm SLT a ka jwenn nan sit wèb DOE a alokasyon bidjè Galaxy yo, ke yo afiche lè yo piblilye alokasyon yo pou nouvo ane fiskal la ak *Galaxy Table of Organization Summary Reports*, ke yo afiche odebì chak ane akademik.
4. SLT a dwe pran dezisyon ki baze sou antant manm yo, epi li dwe chèche èd si li pa kapab jwenn antant sou CEP a. Si li pa kapab jwenn antant lè l ap devlope yon CEP ki adapte ak bidjè lekòl la, SLT a ap chèche èd DLT a, e si sa pa mache lè sa a l ap chèche èd sipèéntandan kominotè a oswa sipèéntandan lekòl segondè a. Sipèéntandan kominotè a oswa sipèéntandan lekòl segondè a ap eseye ankouraje antant pami manm SLT a. Si, menm apre SLT a fin chèche ak resevwa èd sa yo, li toujou pa ka jwenn yon antant sou CEP a, lè sa a sipèéntandan an ap pran desizyon final la pou kreye CEP a. Sepandan, sipèéntandan an pran desizyon sou CEP a sèl nan dènye moman, si tout metòd ki site pi wo yo pou ankouraje antant pami manm SLT yo pa mache.
5. Direktè lekòl la dwe soumèt pwopozisyon bidjè lekòl la ba sipèéntandan distri kominotè a oswa ba sipèéntandan lekòl segondè a pou apwobasyon, ansanm avèk yon eksplikasyon alekri ki jistifye bidjè lekòl la adapte avèk CEP a. Pou bidjè a vin final sipèéntandan lekòl kominotè a oswa lekòl segondè a dwe sètifye bidjè a konfòm avèk CEP a. Sipèéntandan an ap enpoze yon fòm ak fason pou soumèt jistifikasyon an alekri. (Nou mete ak dokiman sa a yon fòm n ap sijere kòm Dokiman siplemantè Nimewo 1.)
6. Si manm SLT yo (eksepte direktè lekòl la) dakò ke bidjè lekòl la adapte avèk CEP a, SLT a pa bezwen soumèt yon repons pou jistifikasyon direktè lekòl la bay. Men, si

manm SLT yo (eksepte direktè lekòl la) dakò ke yo pa dakò avèk jistifikasyon direktè lekòl la kote I deklare ke bidjè lekòl la adapte avèk CEP a, epi si bidjè direktè lekòl la pwopoze a pa respeckte objektif ak règleman ki tabli nan CEP a, SLT a dwe ekri sipèèntandan lekòl kominotè oswa sipèèntandan lekòl segondè a pou reponn osijè jistifikasyon an sou dis (10) jou lekòl. (Nou mete ak dokiman sa a yon fòm n ap sijere w itilize kòm Dokiman Siplemantè Nimewo 1.)

7. Si manm SLT yo (sof direktè lekòl la) bay yon repons, sipèèntandan lekòl kominotè a oswa sipèèntandan lekòl segondè a dwe bay SLT a yon repons alekri nan dis (10) jou lekòl. Repons sipèèntandan an dwe genyen ladan yon desizyon konsènan konfli ki gen pou wè ak si bidjè lekòl la konfòm avèk CEP a, yon deskripsiyon enfòmasyon ki revize yo ak rezon pou desizyon an. (Gen yon fòm yo sijere ki nan dokiman sa a kòm Dokiman Siplemantè Nimewo 2). Apre yo fin resevwa desizyon sa a, SLT a ak direktè lekòl la dwe revize bidjè lekòl la ak CEP a imedyatman yon mannyè ki konfòm ak direktiv ki nan repons sipèèntandan an.
8. Manm SLT yo, eksepte direktè a, ka ekri sipèèntandan kominotè a oswa sipèèntandan lekòl segondè a pou konteste nenpòt desizyon direktè lekòl la pran lè manm SLT yo (eksepte direktè a) dakò ke desizyon an pa respeckte objektif ak règleman ki tabli nan CEP aktyèl lekòl la. Sipèèntandan an ap ekri yon repons ba SLT a ak ba direktè a sou 10 jou lekòl ke pou yo kòmanse konte apati dat yo resevwa premye plent lan. Y ap mete nan repons sa a enfòmasyon yo rekonsidere ak rezon ki fè sipèèntandan an pran desizyon an konsènan disput la.
9. Y ap afiche CEP final la ak bidjè lekòl la sou sit wèb ofisyèl DOE a ak sou sit wèb lekòl la, epi y ap bay chak manm SLT yo yon kopi lè yo mande I nan lekòl la

B. Lòt Responsabilite

1. SLT pa responsab pou anboche oswa pou revoke anplwaye lekòl la. Men, yo dwe konsilte SLT anvan pwopozisyon yon kandida pou plas direktè oswa direktè-adjwen nan lekòl la, yon fason ki konsistan avèk Règleman C-30 Chanselye a.
2. SLT a dwe bay sipèèntandan distri kominotè a oswa sipèèntandan lekòl segondè a yon evalyasyon anyèl dosye direktè lekòl la sou devlopman yon relasyon efikas pou pran desizyon komen avèk manm SLT yo pandan ane a. (Gen yon modèl fòmilè evalyasyon ki nan dokiman sa a kòm Dokiman Siplemantè Nimewo 3).

III. KONPOZISYON

A. Kantite manm Komite la

Tout SLT yo ta dwe genyen yon minimòm dis manm ak yon maksimòm 17 manm. Lè y ap detèmine kantite manm ki dwe nan komite la, yo dwe konsidere afektasyon bidjè a.

B. Manm Obligatwa yo

Sèl twa manm obligatwa SLT a se direktè lekòl la, Prezidan Asosyasyon paran oswa Asosyasyon Pwofesè-Paran oswa toulède *Parent Association/Parent-Teacher Association (PA/PTA)*¹ ak Responsab Seksyon Federasyon Ini Pwofesè *United Federation of Teachers (UFT)*, oswa reprezantan yo.

C. Manm ki pa Obligatwa

1. Anplis manm obligatwa yo, SLT yo dwe genyen ladan yo lòt paran ak anplwaye (ki pedagojik oswa ki pa pedagojik oswa toulède) nan lekòl la. SLT yo dwe genyen menm kantite paran ak anplwaye.
 - a. Eleksyon Paran ak Anplwaye :

Pou asire tout manm kominote lekòl la jwenn opòtinite pou yo ajoute yo ak pou ankouraje patisipasyon jeneral yo nan SLT, gwoup paran ki fòme li yo ak

¹ Si se ko-prezidan, rès fonksyonè PA/PTA dwe detèmine ki ko-prezidan k ap sèvi kòm manm obligatwa SLT.
T&I-12855 (Haitian Creole) Chancellor's Regulation A-655

anplwaye yo dwe eli yon mannyè jis ak san patipri selon detèminasyon chak gwoup ki fòme li, epitou yo dwe fè anons jeneral pou tout elekson yo avèk avi rezonab yo bay davans. Eleksyon yo dwe lib pou tout manm gwoup konstitif la (pa egzanp, PA/PTA, CSA, UFT, DC 37), epitou yo dwe òganize elekson yo yon mannyè ki konfòm ak limit manda yo ki endike nan règleman entèn anplwaye yo.

Yon avi omwen dis (10) davans jou obligatwa pou bay anvan elekson PA/PTA paran manm SLT li yo. Si se yon PTA, se sèlman paran manm asosyasyon lekòl la ki kapab vote pou eli reprezantan paran yo pou SLT a. Yo ankouraje PA/PTA yo pou yo repati manda paran manm SLT ki pa obligatwa yo.

Yo dwe òganize elekson SLT apre elekson PA/PTA nan sezón prentan (al gade Règleman A-660 Chanselye a).

b. Kalifikasyon

i. Paran

Paran² ki nan lekòl la kalifye pou PA/PTA lekòl la eli yo pou fè pati SLT a.

Paran yo pa kapab sèvi nan SLT kòm yon paran manm nan lekòl kote y ap travay la, men yo kapab sèvi nan lòt lekòl kote yo genyen yon timoun ki prezan.

Yo kapab eli paran yo pou fè pati plis pase yon SLT depi yo satisfè kondisyon ki endike nan règleman sa a.

Paran manm CEC (ak yon ane elekson, kandida pou CEC) kapab sèvi kòm paran manm yon SLT nan lekòl kote pitit yo ye.

ii. Anplwaye

Koòdonatè paran yo pa kapab fè pati manm SLT nan okenn fonksyon nan lekòl kote y ap travay la. Men, yo kapab envite koòdonatè paran yo pou yo patisiye nan reyinyon yo kòm obsèvètè oswa prezantatè nan lekòl kote y ap travay yo. Yo kapab mande yo pou yo sèvi nan sou-komite SLT yo.

Lòt anplwaye lekòl la pa kapab fè pati paran-manm nan SLT a nan lekòl (yo) kote y ap travay la. Men, koòdonatè paran ak lòt anplwaye lekòl la kapab sèvi kòm paran manm nan lòt lekòl kote pitit yo ye a.

Anplwaye biwo distri a pa kapab fè pati okenn SLT kòm yon paran manm nan distri kote y ap travay la.

Anplwaye Òganizasyon Sipò lekòl la *School Support Organizations* (SSO) yo pa kapab fè pati paran manm nan yon SLT nan yon lekòl ki achte sèvis SSO a.

2. Elèv ak Òganizasyon Kominotè yo

SLT yo kapab genyen ladan tou elèv (omwen de elèv nesesè nan lekòl segondè yo) ak reprezantan Òganizasyon Kominotè yo *Community Based Organizations* (CBO) yo. Elèv yo ak manm CBO ki nan SLT a pa konte lè y ap detèmine si yon komite genyen yon kantite egal paran ak anplwaye (al gade Seksyon III.C.1).

D. Prezidan oswa Ko-Prezidan yo

1. Depi yo fòme komite la, komite la dwe chwazi yon Prezidan oswa Ko-prezidan pami manm li yo. Prezidan an oswa Ko-prezidan yo pa oblige manm ki obligatwa. SLT yo kapab eli manm ki pa obligatwa kòm Prezidan oswa Ko-prezidan pou kapab genyen

² Yon paran defini kòm yon paran (byolojik oswa bòpè oswa bëlmè), gadyen yo deziyen legalman, paran adoptif oswa moun ki gen relasyon paran avèk yon timoun. Yon moun ki genyen relasyon paran vle di yon moun ki pran swen yon timoun paske paran oswa gadyen legal timoun lan pa disponib, kit se akòz, pami lòt ka, lanmò, anprizònman, maladi mantal, abandon yon timoun, oswa paran oswa gadyen legal timoun lan p ap viv nan eta a.

plis patisipasyon nan SLT a.

2. Prezidan an responsab pou pwograme reyinyon yo, asire manm komite la jwenn enfòmasyon ki nesesè pou gide planifikasyon yo, epitou konsantre komite la sou pwoblèm ediiatif ki enpòtan pou lekòl la. Prezidan an ap asire yo tande vwa tout manm komite la.

E. Sekretè

Chak SLT dwe eli yon manm SLT pou sèvi kòm sekretè. Sekretè a ap responsab pou voye avi reyinyon SLT yo epitou pou konsève pwosè-vèbal reyinyon SLT yo. Yo dwe konsève pwosè-vèbal yo nan lekòl la, avèk yon kopi yo bay PA/PTA. Direktè lekòl la kapab deziyen yon anplwaye biwo pou ede sekretè SLT a.

F. Konsèy edikasyon pou kominote a ak vil la

Manm Konsèy Edikasyon pou Kominote a *Community Education Council* (CEC) sèvi kòm lyezon lekòl ki nan pwòp distri lekòl kominotè yo. Manm Konsèy Lekòl segondè pou vil la *Citywide Council on High Schools* (CCHS) sèvi kòm lyezon tou pou lekòl segondè yo avèk sipò sistèm lan, menm jan ak manm Konsèy Edikasyon espesyal onivo vil la *Citywide Council of Special Education* (CCSE) pou lekòl Distri 75 lan. Fonksyon lyezon an genyen ladan patisipasyon nan reyinyon kòm obsèvatè oswa prezantatè oswa toulède, ak patisipasyon nan komite ak sou-komite SLT lè manm SLT yo fè envitasyon an.

IV. FÒMASYON YON KOMITE LIDÈCHIP LEKÒL

A. Nan yon nouvo lekòl :

Pou kapab fòm yon SLT, yon lekòl dwe fòme toudabò yon PA/PTA. Règleman A-660 Chanselye a endike pwosesis pou fè sa. Depi yo fin fòme PA/PTA a, lekòl la dwe swiv pwosedi ki endike anba la a.

B. Nan yon lekòl ki deja genyen yon PA/PTA :

Prezidan PA/PTA a oswa Ko-prezidan ki deziyen an, Direktè lekòl la ak Responsab Seksyon UFT oswa reprezantan yo dwe travay ansanm pou redije règleman entèn SLT a. Answit, se responsablite chak gwoup konstitutif yo pou eli oswa chwazi³ reprezantan manm li yo yon mannyè ki konfòm ak règleman entèn SLT a.

1. Nan lekòl primè yo, lekòl pre-segondè oswa lekòl entèmedyè yo, Distri 75, ak Distri 79, manm obligatwa komite la kapab kontakte komite angajman paran DOE ak Konsèy Prezidan yo, ak sipètentandan distri kominote a pou jwenn asistans teknik ak konsèy nan pwosesis sa a (al gade Seksyon VI ki anba la a).
2. Nan lekòl segondè yo, manm obligatwa komite la kapab kontakte komite angajman paran DOE, Konsèy Prezidan Lekòl Segondè Minisipalite a ak sipètentandan lekòl segondè yo pou jwenn asistans teknik ak konsèy (al gade Seksyon VI ki nan dokiman sa a).

Depi SLT a anplas okonplè, li dwe revize ak adopte règleman entèn komite la, epitou li kapab fè amannman nan règleman entèn yo, si li nesesè.

Lekòl ki gen plizyè lokal yo ap genyen yon SLT, men SLT a kapab kreye sou-komite pou evalye bezwen tout lokal yo epitou pou rapòte rezulta yo ba SLT a.

V. KOMITE LIDÈCHIP DISTRI

A. Dwa ak Responsablite

Dapre Seksyon 100.11 Règleman Manm Komisyón Edikasyon, chak sipètentandan kominote dwe devlope yon plan distri pou patisipasyon pwofesè yo, paran yo ak administratè yo pou planifikasyon ki baze nan lekòl la ak pou pran desizyon. Sipètentandan an responsab pou devlope plan distri a nan tèt ansanm avèk "yon komite ki fòme avèk

³ Yo dwe eli paran ak manm komite la; yo kapab chwazi lòt manm yo.

administratè òganizasyon negosyasyon administratif (yo) chwazi, pwofesè òganizasyon negosyasyon pwofesè (yo) chwazi, ak paran (ki p ap travay nan distri a oswa nan yon òganizasyon negosyasyon ki reprezante pwofesè oswa administratè ki nan distri a) òganizasyon ki asosye ak lekòl la chwazi." Nan vil Nouyòk, komite sa a se Komite lidèchip distri a *District Leadership Team* (DLT a).

Yo dwe fòme yon DLT nan chak distri lekòl kominotè. Li dwe genyen ladan reprezantan lekòl primè, reprezantan lekòl pre-segondè ak reprezantan lekòl segondè ki genyen adrès jeyografik nan distri lekòl kominotè a. DLT yo dwe satisfè egzijans Seksyon 100.11 Règleman Manm Komisyón an konsènan plan onivo distri a pou patisipasyon paran yo ak komite la nan planifikasyon lekòl la ak nan desizyon komen pou lekòl la.

DLT dwe devlope Plan Edikasyon Global Distri a *District Comprehensive Educational Plan* (DCEP), ki genyen ladan bi ak objektif anyèl yo ki annamoni avèk bi distri a ak bi Chanselye a, epitou li genyen ladan sis kategori plan 100.11 distri a ki anba la yo :

1. Pwoblèm edikasyonèl k ap asosye ak planifikasyon komen nivo biling lan;
2. Mannyè ak limit yo mande tout pati yo pou patisipe nan SLT;
3. Mwayen ak nòm tout pati yo dwe evalye amelyorasyon nan reyisit elèv yo;
4. Mwayen tout pati yo ap gen responsablite pou desizyon yo pran an komen;
5. Pwosesis pou rezoud konfli nan SLT yo; epi
6. Mannyè kote y ap satisfè egzijans leta ak egzijans federal pou patisipasyon paran yo nan planifikasyon ak desizyon.

DLT yo ap ofri tou sipò, konsèy, asistans teknik ak rezolisyón konfli pou SLT ki nan distri yo. Biwo pou Amelyorasyon lekòl ap ofri konsèy ak asistans teknik pou sipèéntandan an ak DLT nan devlopman Plan Edikasyon Global Distri a (DCEP).

Answit, DLT yo dwe fè yon revizyon plan 100.11 distri a chak dezan pou evalye efikasite desizyon komen nan distri a. DLT dwe ranpli Fòm Revizyon chak Dezan an (Dokiman Siplemantè A) epitou li dwe soumèt fòm lan nan Biwo pou Angajman ak Sipò Fanmi anvan 15 janvyé chak ane almannak pè. Yo dwe soumèt rezulta Revizyon Chak Dezan an ba Depatman Edikasyon Leta Nouyòk anvan 1ye fevriye chak ane pè.

B. Konpozisyon

Men manm obligatwa DLT yo :

- Sipèéntandan kominote a (oswa reprezantan li)
- Sipèéntandan lekòl segondè (yo) ki responsab pou lekòl segondè ki genyen adrès jeyografik yo nan distri a (oswa reprezantan an (yo))
- Reprezantan CSA
- Reprezantan UFT
- Reprezantan DC 37
- Prezidan Konsèy Prezidan distri a (oswa reprezantan li)
- Prezidan Konsèy Prezidan lekòl segondè minisipalite a (oswa reprezantan li)
- Prezidan Konsèy Konsilitatif Paran Distri Tit I (oswa reprezantan li)

Òganizasyon kominotè *Community based organizations* (CBO), prezidan CEC Distri a (oswa reprezantan li), epi yon manm Konsèy Lekòl Segondè pou vil la ki gen pitit ki nan yon lekòl segondè ki gen adrès jeyografik nan distri a kapab fè pati DLT a.⁴

⁴ Yon DLT obligatwa tou pou Distri 75. DLT Distri 75 lan dwe genyen ladan Sipèéntandan Distri 75, yon reprezantan CSA ak yon reprezantan UFT, ak prezidan Konsèy Prezidan Distri 75 la (oswa reprezantan li). CBO yo ak prezidan Konsèy Edikasyon Espesyal onivo vil la (oswa reprezantan li) kapab fè pati nan DLT Distri 75 lan tou.

C. Sou-komite Lekòl segondè pou vil la

Pou asire bezwen ak pwoblèm espesyal ki afekte lekòl segondè yo ak elèv lekòl sa yo reprezante okonplè nan diskisyon DLT yo, y ap fome yon sou-komite reprezantan lekòl; segondè onivo vil la epitou sou-komite a ap reyini chak mwa pou revize done enpòtan yo ak pou idantifye pwoblèm ki afekte pèfòmans elèv yo nan nivo lekòl segondè a. Manm sou-komite a (k ap sèvi kòm lyezon yo) ap rapòte rezulta reyinyon sou-komite lekòl segondè a ba DLT yo pandan reyinyon mansyèl DLT yo kòm yon pwen pèmanan nan pwogram reyinyon an. DLT yo ap kontinye ajoute nenpòt reprezantan distri lekòl segondè yo epitou y ap diskite sou pwoblèm lyezon sou-komite yo soulve kòm pati planifikasyon estratejik jeneral klas matènèl rive klas 12yèm ane distri a ak solisyon pwoblèm yo.

Men manm obligatwa sou-komite lekòl segondè vil la :

- Sipèentandan lekòl segondè yo (oswa reprezantan yo)
- Sipèentandan Distri 79 la (oswa reprezantan li)
- Reprezantan Lekòl Segondè UFT
- Reprezantan Lekòl Segondè CSA
- Reprezantan Lekòl Segondè DC 37
- Yon reprezantan paran nan chak Konsèy Prezidan Lekòl segondè.

VI. SIPÒ POU KOMITE LIDÈCHIP LEKÒL AK KOMITE LIDÈCHIP DISTRI

Chak distri lekòl kominotè, chak minisipalite ak Distri 75 la ap genyen yon manm deziyen nan komite Biwo pou Angajman ak Sipò Fanmi *Office for Family Engagement and Advocacy* (OFEA). Manm sa a ap ofri sèvis konplè pou ede SLT yo ak DLT yo, epitou manm lan ap ofri developman pwofesyonèl ak sipò teknik. Answit, sipèentandan yo kapab chèche asistans OFEA nan fòmasyon DLT yo.

Jan sa apwopriye, komite OFEA ki deziyen an ap aji kòm fasilitatè pou ede tout estrikti komite la nan jwe wòl yo ak nan pran responsabilite yo. Y ap travay nan tèt ansanm avèk pwòp distri ak komite lekòl yo pou fasilite kapasite pou pran responsabilite yo jan sa dekri nan règleman sa a.

Komite angajman OFEA ki deziyen an ap travay nan tèt ansanm avèk Sipèentandan Kominote a pou sipòte ak ede DLT yo. Y ap ofri sesyon fòmasyon regilye pou SLT ak DLT ki nan distri yo.

Komite angajman OFEA ki deziyen an ap ofri sesyon fòmasyon regilye pou SLT ki nan lekòl segondè yo.

Pami domèn enpòtan pou fòmasyon an, genyen, men pa sèlman :

- wòl ak responsabilite;
- operasyon komite;
- evalyasyon bezwen onivo lekòl;
- entèpretasyon bidjè lekòl la; ak
- angajman fanmi yo ak kominote yo nan revizyon ak developman yon CEP, nan tèt ansanm avèk Biwo Amelyorasyon Lekòl la.

Answit, DLT yo ap rasanble enfòmasyon PA/PTA yo pou yo kapab bay Biwo pou Angajman ak Sipò Fanmi yon rapò sou sitiyasyon an chak trimès sou aktivite SLT ak DLT apati 1ye desanm chak ane. Biwo pou Angajman ak Sipò Fanmi ap bay yon modèl pou rapò a.

Biwo pou Amelyorasyon Lekòl la ap ofri fòmasyon pou SLT yo sou developman CEP yo ak sou fason pou satisfè egzijans pwogram Tit I.

VII. **PWOGRAMASYON REYINYON YO**

SLT yo ta dwe reyini omwen yon fwa pa mwa pandan ane akademik lan. Reyinyon yo dwe fèt nan lokal lekòl la oswa nan lokal DOE, epitou yo dwe pwograme reyinyon yo nan yon lè ki apwopriye pou paran manm yo (lajounen oswa aswè). Manm obligatwa yo oswa reprezantan yo fèt patisipe nan tout reyinyon SLT a.

Yo dwe bay avi reyinyon yo nan yon fòm ki konsistan avèk lwa reyinyon lib yo.

VIII. **PRIZDESIZYON / REZOLISYON PWOBLÈM**

SLT yo dwe itilize yon pwosesis pou pran desizyon ki baze sou akò kòm premye mwayen pou yo pran desizyon. Komite yo dwe devlope metòd pou angajman nan rezoud pwoblèm ak nan chèche solisyon nan tèt ansanm ak estrateji ki efikas pou rezoud konfli lè sa nesesè.

Lè yon komite te fè anpil efò pou rezoud yon pwoblèm epi manm yo pa kapab jwenn yon akò, komite la ta dwe chèche èd DLT a, e si sa pa mache lè sa a I ap chèche èd sipètentandan kominote a oswa sipètentandan lekòl segondè a. Sipètentandan kominote a oswa sipètentandan lekòl segondè a ap eseye ankouraje antant pami manm SLT a. Si, menm apre yo fin chèche ak resevwa èd sa yo, SLT a toujou pa ka rive jwenn yon akò, lè sa a sipètentandan an ap deside mete anplas yon CEP. Sepandan, sipètentandan an pran dènye desizyon sou CEP a sèlman nan dènye moman, si tout metòd ki site pi wo yo pou ankouraje akò pami manm SLT yo pa mache.

Kote manm komite la gen difikilte pou jwenn enfòmasyon oswa vle jwenn èd pou rezoud pwoblèm ki gen rapò ak rantre an konsiltasyon ak direktè lekòl la, yo ka chèche èd DLT a oswa sipètentandan an oswa anplwaye yo deziyen nan OFEA a.

IX. **SALÈ OSWA JESYON DOSYE**

A. Pou kalifye pou resevwa salè anyèl 300\$, manm SLT yo, antwòt reprezantan elèv ak reprezantan CBO, dwe fin fè 30 èdtan sèvis nan SLT a, epitou yo dwe patisipe nan yon sesyon fòmasyon obligatwa ki gen pou wè ak CEP yo ak kesyon bidjè chak ane. Se DOE k ap ofri sesyon fòmasyon an. Manm komite ki patisipe nan sesyon an men ki sèvi mwens pase 30 èdtan kapab fè demann konpansasyon sou yon baz pwopòsyonèl.

1. Manm komite la responsab pou asire yo soumèt ba Prezidan an tout dosye ki note kantite èdtan ki sèvi po pou li travay sou yo.
2. Manm endividyle yo dwe chwazi si pou yo aksepte oswa pa aksepte salè anyèl la epitou pou yo fè don lajan an ki dwe itilize pou lòt objektif lekòl la. Règleman entèn yo pa kapab enpoze okenn chwa espesifik.

B. Yo dwe note prezans ak pwosè-vèbal yo nan chak reyinyon.

X. **RELASYON SLT AVÈK LÒT ANTITE KI BAZE NAN LEKÒL**

Nan wòli li kòm konsèy planifikasyon ak revizyon lekòl la, SLT a se komite kouwòdinasyon santral ki nan lekòl la, epitou li ta dwe ede fasilité kominikasyon pami divès komite lekòl yo.

A. Komite Nivo I Règleman C-30 Chanselye a

1. Yo dwe chita pale ak tout manm SLT yo anvan pwopozisyon nenpòt kandida pou pòs direktè oswa direktè-adjwen nan lekòl la.
2. Manm SLT yo kalifye pou fè pati Komite C-30 Nivo I, epitou yo kapab gen obligasyon pou satisfè egzijans ki endike nan Règleman C-30 Chanselye a. Men, si paran ki nan SLT a pa disponib pou fè pati Komite C-30 Nivo I, Prezidan Komite Nivo I a dwe bay fonksyonè PA/PTA lekòl la opòtinete pou fè pati komite a.⁵

B. Plan Restriktirasyon Lekòl

Sipètentandan an ap chita pale avèk SLT a konsènan nenpòt plan restriktirasyon pou lekòl la. Parapò ak tout pwopozisyon pou fèmen yon lekòl oswa pou fè yon gwo chanjman nan

⁵ Al gade Règleman C-30 Chanselye a pou jwenn plis enfòmasyon.
T&I-12855 (Haitian Creole) Chancellor's Regulation A-655

utilizasyon lekòl la, SLT a dwe patisipe nan odyans piblik komen ki fèt nan lekòl la. Al gade Règleman Chanselye A-190. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon restriktirasyon pou lekòl yo idantifye pou amelyorasyon (lekòl SINI ak lekòl SURR) dapre obligasyon NCLB oswa SED, tanpri kontakte Biwo Amelyorasyon Lekòl la nan OSI@schools.nyc.gov. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fèmti lekòl pwogrsif oswa pou fèmti lekòl definitif, tanpri kontakte Biwo Devlopman Pòtfolyo nan portfolio@schools.nyc.gov.

C. Lòt Lekòl ki nan Bilding lan

Nan bilding kote genyen plizyè lekòl, yo ankouraje SLT yo pou reyini omwen de fwa pa ane pou diskite sou pwoblèm enkyetid komen yo.

XI. CHITA PALE AK PARAN YO

Pou satisfè egzijans Iwa ki rele pa kite okenn timoun rete dèyè No Child Left Behind(NCLB), Komite lidèchip lekòl yo ak Komite lidèchip distri yo ap sèvi kòm mwayen pou konsiltasyon avèk reprezantan paran yo konsènan utilizasyon lajan ki kapab ranbouse ak planifikasyon pwogram lan (pa egzanp Tit I). Komite lidèchip lekòl yo ak Komite lidèchip distri yo ta dwe konsève dokiman yo nan dosye pou verifye si chita tande obligatwa sa a te fèt.⁶

XII. RÈGLEMAN ENTÈN YO

Chak SLT ak DLT dwe kreye règleman entèn ak gid fonksyònman pou bay eksplikasyon aklè sou responsabilite SLT ak DLT yo. Tout règleman entèn yo dwe konsistan avèk règleman sa a. W ap jwenn yon modèl règleman entèn kòm Dokiman Siplementè Nimewo 4. Règleman entèn yo dwe genyen desizyon enpòtan konsènan manm komite la ak fonksyònman yo.

Tout règleman entèn yo **dwe** abòde domèn ki endike pi ba a :

- Wòl manm komite la ak Prezidan an;
- Konpozisyon komite la;
- Kowòm;
- Metòd pou eli paran manm yo ak anplwaye yo;
- Metòd pou chwazi Prezidan;
- Metòd pou chwazi CBO yo ak elèv manm yo lè sa anvigè;
- Dire manda ak limit manda yo;
- Pwosesis pou retire Prezidan ak manm yo;
- Metòd pou pran desizyon (sètadi akò oswa desizyon majoritè) ak pwosedi yo dwe swiv si komite la genyen yon bezwen pou rezolisyon konfli;
- plasman fonksyonè nan pòs vid yo;
- Wòl obsèvatè yo pandan reyinyon yo;
- Kimoun ki kapab pale nan reyinyon yo;
- Kijan yo kreye pwogram reyinyon yo;
- Komite la dwe reyini omwen dis fwa pou chak ane akademik;
- Kantite reyinyon manm yo kapab rate, ak konsekans ki genyen si yon manm rate plis pase kantite reyinyon yo endike a;
- Si yo ta dwe repati manda paran manm ki pa obligatwa yo; epi
- Genyen yon sekretè.

⁶ Tanpri al gade memorandòm Gid pou Patisipasyon Paran Tit I Depatman Edikasyon Biwo pou Angajman ak Sipò Paran ap distribiye.

SLT yo ak DLT yo, annakò avèk règleman entèn yo, kapab mande pou yo reyini ak koòdone avèk lòt sou-komite lekòl la tankou Asosyasyon Paran oswa Asosyasyon Pwofesè-Paran ak Komite Tit I pou asire tout komite onivo lekòl la ap travay pou reyalize menm bi ki endike nan CEP a.

Komite la ta dwe revize règleman entèn SLT ak règleman entèn DLT omwen chak dezan. Chak SLT dwe bay DLT yon lis manm li yo ak yon kopi dènye règleman entèn li yo chak ane anvan 31 oktòb. Chak DLT dwe bay Responsab-an-Chèf pou Angajman Fanmi *Chief Family Engagement Officer* (CFEO) yon lis tout non manm SLT nan lekòl ki nan distri a ak yon lis manm li yo ak règleman entèn li yo chak ane anvan 15 novanm. Si DLT a fè chanjman nan règleman entèn li yo oswa si genyen yon chanjman nan kantite manm li yo, yo dwe voye avi chanjman an ba DLT, epi DLT ap voye enfòmasyon sa a ba CFEO.

XIII. PLAN SANTRAL POU PLANIFIKASYON AK DESIZYON KOMEN ONIVO LEKÒL

Plan Santral pou planifikasyon ak desizyon komen onivo lekòl genyen ladan plan endividyèl distri DLT yo adopte yo yon fason ki konfòm ak Seksyon 100.11 Règleman Manm Komisyon Edikasyon an. Plan Santral la genyen ladan tou pwosedи ki endike nan Règleman sa a. Biwo pou Amelyorasyon Lekòl responsab pou konsève kopi chak plan distri, epitou pou konpile yo nan plan Santral la. Komite vil la ki apwouve plan Santral pou planifikasyon ak desizyon komen onivo lekòl al dwe genyen ladan yon reprezantan aje UFT, yon reprezantan aje CSA, yon reprezantan aje DC 37, ak reprezantan Chanselye a deziyen yo.

XIV. PLENT

- A. Paran yo kapab pote plent alekri konsènan eleksyon paran ki pou fè pati SLT ki nan lekòl kote pitit yo ye a.
- B. Yo dwe pote plent sa yo ba sipèèntandan apwopriye a⁷ nan sèt (7) jou lekòl apati eleksyon an. Sipèèntandan an ap pran yon desizyon nan sèt (7) jou lekòl apati dat li te resevwa plent lan. Si yo pa kapab pran yon desizyon nan sèt (7) jou lekòl akòz yon ankèt k ap kontinye oswa akòz yon rekòmandasyon ki fèt ba lòt otorite, sipèèntandan an dwe bay yon repons pou eksplike rezon ki fè genyen reta nan peryòd sèt (7) jou lekòl la, epitou li dwe ajoute yon dat ki prevwa pou pran yon desizyon final la. Kote rekou pwovizwa apwopriye, yo ta dwe ajoute yo nan repons lan.
- C. Paran yo kapab fè demann apèl kont desizyon sipèèntandan an ba Chanselye a. Yo dwe fè apèl la nan dis (10) jou lekòl apati dat yo resevwa desizyon sipèèntandan an. Yo dwe voye apèl yo ba Chanselye a c/o The Office of Legal Services (Biwo Sèvis Legal), 52 Chambers Street, Room 308, New York, NY 10007. Chanselye a ap pran yon desizyon nan katòz (14) jou lekòl apati dat li resevwa apèl la. Si yo pa kapab pran yon desizyon nan katòz (14) jou lekòl akòz yon ankèt k ap kontinye oswa akòz yon rekòmandasyon ki fèt ba lòt otorite, Chanselye a dwe bay yon repons pou eksplike rezon ki fè genyen reta nan peryòd sèt jou la, epitou li dwe ajoute yon dat ki prevwa pou pran desizyon final la. Kote rekou pwovizwa apwopriye, yo ta dwe ajoute yo nan repons lan. Desizyon Chanselye a pran sou apèl la se yon desizyon ki final.

XV. KONSÈY AK ASISTANS

Biwo pou Angajman ak Sipò Fanmi ap bay konsèy epitou I ap bay repons pou ransèyman ki konsène aplikasyon règleman sa a.

Biwo Amelyorasyon Lekòl ap bay konsèy ak asistans teknik konsènan devlopman ak revizyon CEP onivo lekòl la ak distri a, Plan 100.11 Distri a, egzijans pwogram Tit I, ak pwosesis federal ak leta ki obligatwa pou amelyorasyon lekòl ak distri. (Ai gade seksyon VI.)

⁷ Yo dwe pote plent konsènan lekòl distri kominotè a ba sipèèntandan kominote a; yo dwe pote plent konsènan lekòl segondè yo ba sipèèntandan lekòl segondè a; yo dwe pote plent konsènan lekòl Distri 75 yo ba sipèèntandan Distri 75 lan.

Biwo pou Angajman ak Sipò Fanmi nan tèt ansanm avèk lòt biwo santral yo kapab bay gid yo tou pou ajoute nan règleman sa a.

Yo ta dwe voye tout lòt demann ransèyman konsènan règleman sa a nan :

Telefòn :
212-374-2323

Office for Family Engagement and Advocacy
N.Y.C. Department of Education
49 Chambers Street – Room 503
New York, NY 10007

Faks :
212-374-0076

**REZIME PWOJÈ EDIKASYON ENTEGRAL COMPREHENSIVE EDUCATION PLAN (CEP) AK
BIDJÈ LEKOL**

Rezime sou Bidjè ak CEP lekòl la dekri objektif prensipal CEP a, epi li demonstre bidjè lekòl la adpate avèk CEP a. Li site objektif prensipal ak pwogram enpòtan ki nan CEP a ak pati nan bidjè a ki sipòte objektif ak pwogram sa yo ak ki adapte avèk yo.

I. Rezime jeneral CEP (objektif edikasyon, pwogram, inisyativ y ap aplike nan lekòl la pou ane k ap vini an)

Seksyon sa a sipoze bay yon deskripsyon CEP pou pwochen ane a nan espas sa a; epi, yo dwe site apa nan chak kazyé pi ba yo, chak objektif oswa chak pwogram CEP.

II. Rezime Bidjè

Yo sipoze bay yon fèy kontablite kote yo endike bidjè total lekòl la pou pwochen ane a (swa nan espas sa a swa nan yon fèy papye separe); epi, yo dwe mete nan kazyé pi ba a, alokasyon bidjè (sous finansman) pou chak objektif oswa chak pwogram nan CEP a.

III. Adaptasyon Bidjè lekòl la avèk CEP a

Nan seksyon sa a, direktè a dwe itilize kazyé pi ba yo pou pwouve chak objektif/pwogram CEP a adapte avèk alokasyon nan bidjè a pou pwochen ane a.

Objektif oswa Pwogram CEP

Alokasyon nan bidjè (Finansman)

Objektif oswa Pwogram CEP

Alokasyon Bidjè (Finansman)

Se _____ ki soumèt dokiman sa a:

(Siyati)

(Ekri non ak lèt detache)

Direktè _____

Dat: _____

Repons SLT a voye ba Direktè/Direktris a/la poutè Direktè/Direktris a/la pwouve CEP a adapte avèk bidjè lekòl la (mete lòt fèy papye avèk dokiman sa a, si l nesesè):

Se

: ki soumèt dokiman sa a

(Siyati)

(Ekri non an ak lèt detache)

(Dat)

FÒM EVALYASYON ANYÈL EKIP LIDÈCHIP LEKÒL SCHOOL LEADERSHIP TEAM (SLT)

Non lekòl la:	Nivo: <input type="checkbox"/> PRIMÈ <input type="checkbox"/> PRESEC <input type="checkbox"/> SECONDE	Ane:
Reprezantan Paran:	<input type="checkbox"/> Obligatwa <input type="checkbox"/> Yo eli	
Dat:	Kantite ane li nan SLT: <input type="checkbox"/> 0-1 <input type="checkbox"/> 1-3 <input type="checkbox"/> 4+	

FÒM SLT POU EVALYE DIREKTÈ LEKÒL

Non lekòl la:	Nivo: <input type="checkbox"/> PRIMÈ <input type="checkbox"/> PRESEC <input type="checkbox"/> SECONDE	Ane:
Reprezantan paran:	<input type="checkbox"/> Obligatwa <input type="checkbox"/> Yo eli	
Dat:	Kantite ane li nan SLT: <input type="checkbox"/> 0-1 <input type="checkbox"/> 1-3 <input type="checkbox"/> 4+	

Tanpri evalye pèfòmans direktè a nan fason li devlope relasyon pou pataje desizyon avèk SLT a pandan ane a dapre eksperyans ou antank yon manm SLT a.

Ekselan Trèbyen Byen Satisfézan Bezwen amelyorasyon

REMAK:

Mwen li, epi mwen konprann sa ki ekri nan dokiman sa a. Mwen sètifye repons mwen bay yo baze sou pwòp eksperyans mwen fè.

Non Paran/Anplwaye

Siyati/Dat

Depatman Edikasyon resevwa evalyasyon sa a.

Ekri non w ak lèt detache

Siyati/Dat